Iэ тедзэгъуэр иухыным къэнэжар махуи 5-щ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

АДЫГЭ ТХЫДЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№120 (21.278)● 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 24, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ●И уасэр сомИ 3-щ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Тхьэзэпльыж М. ТI. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и IЩIыхь тхылъыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Республикэм и властымрэ управленэмрэ я гъэзэщIакIуэ органэм илъэ куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщIалажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

Тхьэзэпльыж Мурат ТIуз и къуэм - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп-экъуэдзэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м
№68-УП

Бекъалды М. Г. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

ЩIэблэр гъэсэныгъэ егъэджэныгъэ къаруушхуэ зэрыри-хьэлIам икIи егъэджэныгъэм и Iэнатlэм илъэ куэд лъандэрэ фIыуэ зэрыщIалажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Бекъалды Марие Георгий и ихъум** - Нарткъалэ къалэм дэт «Лицей №1» курыт щIэныгъэ щIрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1ап1эм и пэщIэдзэ класхэм я егъэджакIуэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м
№69-УП

Къущхьэ Догъэн Аладин «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Лъэпкъ щIэнхабзэр зэфIэгъэувэжьнымрэ зегъэужьынымкIэ куэд зэрилъэкъам папщIэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщым **Къущхьэ Догъэн Аладин** – Тырку Республикэм щыщ Истамбул къалэм дэт «Atlas makina Tiganet Ltd. Sti», фирмэм и генеральнэ менеджерым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м
№71-УП

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Бизнес-инкубатору тIу щIэуэ къызэIуах

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр КЪБР-м и Парламентым и спикер Бечелов Ильяс иригъэкIуэкIащ. Абы щыхэпльащ Iуэху зэмылIэужьыгъуэу 40-м щIигъуэм.

ЗаконодательствэмкIэ, къэрал уухунытэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и IуэхуэмкIэ комитетым и унафэщI **Абазэ Руслан** Президиумым хэтхэр щIигъуэзэ ищIащ Урысейм и къалащхьэм национализтхэм мыхъумыщIагъэхэр зэрыщалэжьым нэхъ ткIийуэ пэщIэтыну къыхуриджэу Москва къалэ Думэм и депутатхэм, Москва къалэм и Iэтащхьэ Лужков Юрий сымэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым зэрызахуигъэзам и жуэпу къагъэхьыжа тхыгъэм. Абы къыщыгъэлъэгъуащ «зэрыщыту къэралым ис лъэпкъэм я зэхущытыкIэхэм зэран хуэхъу мыхъумыщIагъэу къэралым и къалащхьэм щалэжьэгъэ зэрыщытыр къальытащ, расэ, дин тегъэщIапIэхэр къагъэсбэнырэ щIэпхъаджагъэхэр ялэжьыныр къэмыгъэхъуным хуэунэтIа Iуэхуэр Москва къалэм и гъэщIакIуэ властым и органэмрэ хабзэхъуэмэ органхэмрэ зэрыраГъэкIуэкIыр».

Тхыгъэм зэпкърыхауэ итщ экстремизмэм и щхьэр къемыгъэлъэтыным, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIыну я мурадхэр икIи къыщыгъэлъэгъуащ а лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр дяпэкIи нэхъ ткIийуэ къызэрапщытэнур.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Утыку псалъэмакъ

2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м сыхьэти 10-м КъБР-м и Парламентым и Унэм къыщызэIуахынущ «2007 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и Iуэхукlэ» утыку псалъэмакъыр. Мы Iуэхум тетхуэ закономерктым хуащI дагъэуэкIэ, хэпльхьэпхъэу къалЫытэхэр, апхуэдэу утыку псалъэмакъым хэтын папщIэ заявкэхэр организацэхэм, къэрал, муниципальнэ органхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ и комитетым хуагъэзэн хъунущ мы адресымкIэ: **360000, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 55.**

ФыщIэупщIэ хъунущ **(8662) 42-60-84, 40-42-19** телефонхэмкIэ.

●КъБР-м и Правительствэм и Унэм

Къэрал дамыгъэхэр иратыж

Мэкъуауэгъуэм и 20-м Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ щIэныгъэм, щэнхабзэм, щIыхум Iуэхутхьбзэ хущIэным, нэгъуэщI Iэнатlэхэм ехьулIэныгъэщIыпхъэр къэрал дамыгъэхэмкIэ гъэлъапIэным теухуа зэIущIэ. Ар иригъэкIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

Профессор Шурдым Гъэзэлий КъБР-м и Президентым егъэлъапIэ.

- ХАБЗЭ зэрыхъуам тету, Урысейм и къэралыгъуэ махуэгъэзэщIапIэм и Iуэхущ1ап1эм и гъэзэкIуэкIыну ди мурада гуфIэгъэу зэхъыхьэр, - жиIащ Президентым, зэIущIэр къыщызэIуихым, - пIалъэкIэ дгъэгуащ, а махуэхэм Москва сыщыIэн хуей зэрыхъуам къыхэкIыу. Си гугъэмкIэ, абы Iуэхум и мыхъэнэр нэхъ лъахъшэ ищIкым. Сригушхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ мы гъэм Урысейм и махуэр нэхъ Iэтауэ, нэхъ дахэу, гуфIэгъуэр нэхъ зыхэпщIэу зэрекIуэкIар. ИкIи дяпэкIэ зыми щэч къытриихьэн хуейкъым Урысейр зыужьыныгъэм и гъэгъу зэрытеувам, щIыхуэхэм я псэукIэр ефIэкIуэным зэпIэзэрыту дызэрыхъэкIуэм. Нэхъыщхьэращи, зэрыкъалэIэу ещIу зэрыщытыр псоми нэрылъагъу ящищIу, Урысейм дунейпсо утыкур иубыдыжащ. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэфIкIэр Къэбэрдей-Балькъэрми льэныкъуэ куэдкIэ щынэрылъагъуэ къызолытэ. Иужьрей илъэсхэм ди республикэм хэпщIыкIыу зыщеужь экономикэм, социальнэ Iуэхуэхэр зэфIэхыным гулытэ нэхъыбэ ягъуэт, щIыхуэм къэрал къулыкъуэзехьэхэм хуащI дзыхьым хохьуэ. Шэч хэмылъу, а псор нэхъыбэу зи фIыщIэр лэжьыгъэми гугъуехьэми имыгъэдзыхэу къэгъуэгурыкIуэ ди льэпкъэхэрщ. Абыхэм кьахэкIа лэжьыгъэфIкIэрщ нобэ УФ-м, КъБР-м я къэрал дамыгъэхэмрэ ЩIыхь тхылъхэмкIэ дгъэпажэр. Щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ абыхэм ящыщу производствэ IэнатIэхэм щылажьэхэр, сыт щIыхэкIэ яхIпIэмэ, абыхэм я гуащIэдэкIырщ ди республикэм и экономикэ лъабжьэр зыхуэхэр, и хэхьэр зыIэтыр.

Москва щIыщIыпIэм теухуауэ Президентым жиIащ «Урысейм и тельыджибл» зэпеуэм Iуащхьэмахуэ зэрыхиубыдамкIэ сертификат кьыхэзырат, икIи а текIуэныгъэмкIэ псоми екъуэхьуащ.

АдэкIэ Къанокъуэ Арсен иужь ихьащ щIыхь зыпылъ кьалэн гуапэр гъэзэщIэным - зэIущIэр щIыгъэхаща цIыхуэхэм дамыгъэ лъапIэхэр етыжыным.

УФ-м и Президентым и УнафэкIэ, ухуэныгъэ IэнатIэм илъэ куэдкIэ хьэлэлу зэрыхуэлажьам папщIэ «Айби-Си» ООО ухуакIуэ компаниим и унафэщI **Попович Виктор** кьыфIащащ «УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр. Апхуэдэу щIыхьыщIэ льагэкIэ ягъэлъапIащ «Агропромсоюз «Прималкинский» ООО-м и механизатор **Кравченко Александр**. Мэкъумащ IэнатIэм хиль-кьы и зэфIэкIым папщIэ абы УФ-м и медаль кьратащ.

КъБР-м и Президентым и УнафэкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ КъБКъУ-м и инженер-технэкэ факультетым и декан **Батыр Умар**, «Велес» ООО-м и кьызэгъэпэщакIуэ **Бэшорэ Алим** , «Лэскэн мэз хьыжмэт» кьэралыгъэ Iуэхущ1ап1эм и мэзхъуэмэ **Джэрыдж Хьэсаиш** , КъБКъМА-м и ректор **Жэрыкъуэ Борис**, УФ-м и щIыхуэбэ артист, композитор **Кьардэн Хьэсэн**, Медицинэ страховании мэкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ фондым и унафэщIым и яп-кьуэдзэ **КIэрэф Владимир**, УФ-м и ФСБ-м и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущ1ап1эм и кьудамэм и унафэщI **Кьылъпышкъуэ Хьэсэн**, КъБР-м и МВД-м и УБЭП-м и унафэщI **Табыхьу Аслэнд-дзэрий**, КъБКъУ-м и микроэлектроникэмрэ компьютер технологиехэмкIэ и факультетым и декан **ТIэш Руслан**, КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъу **Уинаевэ Аминат**, КъБР-м и Парламентым и депутат, «Компакт» ОАО-м и унафэщI **Ещтрэч СультIан**. Налшык кьалэ дэт I-нэ сымаджэщым и гинекологие къудамэ №1-м и унафэщI **Хьарзынэ Раисэ** сымэ, нэгъуэщIхэми.

«КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэхэр зэрыфIащамкIэ дамыгъэмрэ тхылъхэмрэ иратыжащ КъБР-м и Конституцэ судым и хеящIэ **Бликановэ Валентинэ**, а Iуэхущ1ап1э дыдэм и Iэнатlэ пэрытым и унафэщI **Хьэбэчыр МуIэед**, Медицинэ страховании мэкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ фондым и юрист кьудамэм и унафэщI **Хьарковэ Зинаидэ** сымэ. «КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» хуащI Ставрополь дэт кьэрал медицинэ академием вертеброневрологиемкIэ клиникэм и нейрохирургие кьудамэм и унафэщI **Потапов Валентинрэ** цIыхуэхэм я зэIуэзэпэщIныгъэмрэ Iуэхутхьбзэ кьэзыгъэсэбэнхэм я хуитныныгъэхэмрэ зегъэужьнымкIэ федерал Iуэхущ1ап1эм и кьудамэу КъБР-м щIым и унафэщI **Хьэщ1ыкIу Климр.**

«Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыхуэбэ артист» щIыхьыщIэ IыгъэмкIэ ягъэпэжащ Щоджэщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэралдрамэ театрым и актрисэ, театрепльхэм фIыуэ ялъагъу джэгуакIуэ **Щ1рмэт Людмилэ** И гуащIэдэкIыр зыIэтахэм зэхуигъаззу кьыщ1ыпсалъэм, абы фIыщIэ яхуищIащ Правительствэмрэ Президентымрэ, театрым и унафэщIхэм, утыкум кьыдит и пэжьэгъуэхэм, и зэфIэкIым дихьэх театрепльхэм.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** трихащ.

Дунейпсо чемпионатым зыхуагъэхьэзыр

●Шахмат

ШАХМАТЫМКIЭ бзыльхугъэхэм я дунейпсо чемпионат Налшык щекIуэкIынущ. Апхуэдэ унафэ кьыщащащ ШахматымкIэ дунейпсо федерацэм мэкъуауэгъуэм и 1-м Афины (Грециэм) щригъэкIуэкIа зэIущIэм. Абы ипкъ иткIэ, КъБР-м и Правительствэм и Унэм щэбэт кIуам щызэхуэсащ чемпионатыр кьызэгъэпэщ1ынмкIэ комитетым, ДыщэкI Мадинэ зи унафэщIым, хэтхэр.

Дыщэкl Мадинэ и псалъэ.

ЩIыщхьэIум и 28-фокIадэм и 18 махуэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым щекIуэкIыну Iуэхугъуэшхуэм хуэфащэу зыхуэгъэхьэзырын, абы ехьэлIауэ гу зылъытапхъэхэм кьытеувыIэн, гупсэхуу зэпкърыхын зэрыхуейр кьыхигъэщащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен** зэIущIэр кьыщызэIуихым. Къапэщылъ къалэнхэр йубэхыу зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ** КъБР-м Физкультурэмрэ спортымкIэ и Къэрал комитетым и унафэщI **АфIэунэ Аслъэн**. КъызэгъэпэщакIуэ комитетым и яп-экъуэдзэ хлэжьыхьащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Урысей Ипщэ федерал округым щыIэм и аппаратым и федерал инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александр**.КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1**Ярин Андрейрэ** Республикэм и Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэ **Къэжэр Альбертрэ**.

Къэрал 29-м я лIыкIуэу чемпионатым хэтын хуей щIыху 64-м щыщу шахматисткIэ 56-м хьыбар кьрагъэщIащ къызэрыкIуэнум теухуауэ, апхуэдэу нал1ущ текIуэм иратыну ахьыщ фондыр - доллар мин 450-рэ. Чемпионатыр кьыщызэIуахыну я мурадщ Налшык и Театр щхьэантIэм, уэлбанэу ирихьэлIэмэ, ар Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынущ.

ШахматымкIэ дунейпсо чемпионатым и къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэм я къыкIэлыкIуэ зи чэзу зэIущIэр бадзэуэгъуэм и 5-м ирагъэкIуэкIыну зэгурыIуащ.

ИНЭРОКЪУЭ Гуащэ.

Гуфiэгъуэ дауэдапщэхэм зыхуагъэхьэзыр

●Нобэ

Нобэ Къэбэрдей-Балькъэрым и еджапIэу 232-м щекIуэкIынущ ахэр къэзыухахэр къызэрыщIагъэкIым теухуа гуфIэгъуэ пщыхьэщ. Къэрал экзамен зэгуэтхэр зэратамкIэ щыхьэт тхылъхэмрэ курыт щIэныгъэ зэрагъуэтамкIэ аттестатхэмрэ иратыжынущ школхэр къэзыухуа щIалэрэ хьыджэбзэу 9956-м.

МЫ ГъЭМреспубликэм и школхэр къэзыухахэм ящыщу цIыху 384-м е проценти 3,6-м щыщ медалхэр кьихьащ. Ауэ нэгъабэ елыгтауэ ар процент 0,1-кIэ нэхъ мащIэщ. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм кьызэрыщыджаIамкIэ, абы и щхьэусыгъуэр «дыщэр» къэзыхьну хущIэкъуэхэм я щIэныгъэр нэхъ ткIийуэ кьапщытэ зэрыхъуарщ.

Школхэр къэзыухахэр кьызэрыщIагъэкIым теухуа гуфIэгъуэ пщыхьэщ зэIущIэгъэуауэ екIуэкIын папщIэ КъБР-м и Правительствэм и унафэкIэ республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ ирагъэбыдыпIащ КъБР-м и къэрал властым и Iуэхущ1ап1эгу органхэм я кьулыкъущIэхэр, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм и Iэнатlэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэр. Правительствэм и лэжьакIуэхэр гъэ еджэгъуэр зэриухам теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хэтынущ, абыхэм кьыщыпсэльэнущ икIи гъащIэм и гуэлгуанэщхуэм теувэ щIалэгъуалIэм хьУэхьу псалъэхэмкIэ зыхуагъэзэнущ.

●Iуащхьэмахуэ куей

ХэкIыпIэ

Iуащхьэмахуэ куейм сабий щIалэгъуалIэ творчествэмкIэ и унэм мы илъэсым курыт щкоцхэр къэлуха ныбжьыщIэ 70-м Iэщ1агъэ щызыгъэзэгъэщ.

ЩIалэгъуалIэ творчествэмкIэ и унэм и Унэм щекIуэкIа зэIущIэм, гуп-сэхуу зэпкърыхын зэрыхуейр кьыхигъэщащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен** зэIущIэр кьыщызэIуихым. Къапэщылъ къалэнхэр йубэхыу зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ** КъБР-м Физкультурэмрэ спортымкIэ и Къэрал комитетым и унафэщI **АфIэунэ Аслъэн**. КъызэгъэпэщакIуэ комитетым и яп-экъуэдзэ хлэжьыхьащ УФ-м и Президентым и унафэкIэ федерал округым щыIэм и аппаратым и федерал инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александр**.КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1**Ярин Андрейрэ** Республикэм и Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэ **Къэжэр Альбертрэ**.

Къэрал 29-м я лIыкIуэу чемпионатым хэтын хуей щIыху 64-м щыщу шахматисткIэ 56-м хьыбар кьрагъэщIащ къызэрыкIуэнум теухуауэ, апхуэдэу нал1ущ текIуэм иратыну ахьыщ фондыр - доллар мин 450-рэ. Чемпионатыр кьыщызэIуахыну я мурадщ Налшык и Театр щхьэантIэм, уэлбанэу ирихьэлIэмэ, ар Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынущ.

ШахматымкIэ дунейпсо чемпионатым и къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэм я къыкIэлыкIуэ зи чэзу зэIущIэр бадзэуэгъуэм и 5-м ирагъэкIуэкIыну зэгурыIуащ.

ИНЭРОКЪУЭ Гуащэ.

●ТхытъыщIэ



Псэм и IэфIыр тыгъэ къытхуещI

Тхакlуэ цIэрыIуэ Хьэх Сэфарбий и тхылъ пIащ1эхэм («Махуэм дунейр и кIыхьагъщ», «Си хьурееГъкIэ», «Махуэщ1эр кIадащхьэ течащ», «Iолъкъун Iэсэ», нэгъуэщIхэми) арагъэу зы къахэхъуащ, «Курыхь» и фIэщыгъэу.

СЫТ КУРЫХЬР зейр? Ар тхыгъэхэм ящыщ гуэрым и псалъащхьэ? Хьэуэ. Зым нэхьрэ адерир нэхъ хьэлэмэтыжу рассказ 42-р, повестиплIыр, адыгэй тхакIуэ Кузшбий Пщымахуэ и кьалэмыпэм кьыщIэкIауэ Хьэхьм ди анэдэлъхубзэм кьыргъэтIэса хьыбарыр, щIэбджыкIауэ тхылъыр щызэгуппIэжкIэщ щызыхэпщIэр авторым зи гугъу ищIыр - Сэфарбий ди пащхьэм кьырилъхьащ и творчествэм и Iэфlыпlэр, и курых дыдэр.

Напэкlуэцl щихьм щIигъу зыдэт тхылъым ит рассказхэмрэ повестхэмрэ зэпэщ1ыд я сюжеткIи, художественнэ гъэпсыкIэкIи, кьаIэт Iуэхугъуэхэмкlи. ТхакIуэм Iэкlуэлъакlуэу къеГъэсэбэн гушIэрэ, щIагъыбзэрэ, хьэрыбзэрэ, литературэм и нэгъуэщI хабзэхэрэ.

Нэхъыщхьэраща, Сэфарбий зэи ихьэжьыркъым кьиIэт Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр: къыщхьэщ1ож «Цыкlу цIыкlухэм», гугъуехьым хэмыкIыу псэу лэжьакIуэжьхэм, сабийхэм, зи ныбжьыр хэкIуэтахэм. Дегъэлгъагъу «зыхуэхьэу псэухэм» ящыщ я зыныкъуэхэм я нэпсеягъщ, гущIэгъуншагъэр. Абы и щапхъэ Iупщlэхэр, дерсыфIэхэр щыкуэдщ тхылъым щызэхуэхьэса тхыгъэхэм я нэхъыбапIэм.

«Курыхьр», щэч хэмылъу, Хьэх Сэфарбий и ехьулIэныгъэщIэщ, щIэджыкIакIуэхэм я дежкIи тыгъэфIщ.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

Дидзетыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2008 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедэныр зэриухыр.

Йлъэс ныкъуэм газетым и уасэр сом 356-рэ кIэлейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щыгъэвдзэ хъунущ республикэм и почт Iуэхущ1ап1э псоми.

Ди индексыр 51531

Псэнщ1ащэу кIуэрт

Москва областым щыIэ Ярославль шоссем насыпныщагъэ ин къыщыхъущ.

Мыбы зы сыхьэтым километри 150-рэ зи псынщIагъуэ кIуэ автомашинэ зыкъизыхыр и гъуэгум тежри, къыхуэхIуэ автомобилым щыжьэхэращ, абы нэгъэщI машинищи кьажьэхуэ ыдзэрэ, мафIэ хэщIэнащ. Щыхуи 7 зэуэ хэкIуэдащ мы гуэвэгъуэм.

(ИТАР-ТАСС).

■Мы махуэм (1945) Москва и Уэ Пльыжьым советыдзэр Хэку зауэшхуэм зэрыщытекIуам и саулыкъуэдэ Парад щекIуэкIащ.

■Чувашием щагъэлIапIэ Республикэм и махуэр (1920).

■ИльэС 215-рэ и пэкIэ (1793) Франджым и революцIэ Конвентым демократие конституцэ кьищтащ. Абы ипкъ иткIэ Франджым республикэ ухуэкIэ щагъэуващ.

■Мэкъуауэгъуэм и 24 - 27-хэм Гаагэ (Нидерландэр) щекIуэкIынущ химие Iэщэр кьагъэсэбэпыну хуит зымыщI организацэм и Гъэзэщ1акIуэ советым и 53-нэ сессиер.

■Мэкъуауэгъуэм и 24-27-хэм Ленинград областым щагъэльэгъуэнущ «Интерлес-2008». 12-нэ дунейпсо выставкэр.

■ИльэСи 100 и пэкIэ кьалъхуащ урысей киноактрисэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым тхуэнейрэ (1941, 1942, 1946, 1948, 1951) и лауреат **Ладынинэ Маринэ** (1908 - 2003).

■ИльэС 30 и пэкIэ лIащ совет математик икIи механик, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием хэта, 1961 - 1975 гъэхэм абы и президенту щыта, Социалист Лэжьыгъэм щэнейрэ и Лыхьужь, Ленин саугъэтым и лауреат (1957), СССР-м и Къэрал саугъэтым тIэунейрэ (1942, 1946) и лауреат **Келдыш Мстислав** (1911 - 1978).

■**Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 25-м, къухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 55-м.**

■**Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 30-рэ.**

ПлIанэрэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

ЩIыкIэмрэ псыIагъэмрэ

Чита и къалэм и гъунэгъу «Чайка» зыгъэпсэуплI лагерым щыIэ сабийхэр сымаджэ хъуащ.

Къэпщытакlуэхэм кьалытэ ар щIыIэмрэ псыIагъэмрэ кьыхэкIыащ. Балигъэм сабийхэр зыхуей хуагъаззэркьым.

Уголовнэ Iуэху кьалэтащ.

ЗэрылъапIэм и закъуэкъым

Забайкалье крайм бензиныр, нэгъуэщI гъэсэныпхъэхэр щылъапIэ щыуейкъым, атIэ икIи щыIэпэуфыдащ.

ЩIыдагъэм елэжьу щIыналъэм щIэ Iуэхущ1ап1эр и кьалэнхэм пэлъэщIыжыркъым. Абы кьыхэкIыу автомобиль хьэлъэхэм гъэсыныпхъэ литр 40, псынщIэхэм литр 20 нэхърэ нэхъыбэ хурагъахуэрэкъым.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Куэд зыльагъу нэхьрэ - куэд зыщIэ.

Ди газетым и Iуэхущ1ап1э: Адыгэ Республикэм и Къэралыгъэ Унэм и Къэралыгъэ Советым и Информацэмрэ щIэныгъэмрэ я комитетым и Къэралыгъэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Шынагъуэншагъэр къыззэгъэпэщхэм я органхэм я унафэщІхэр Налшык щызопсалъэ

• Іуэху щхьэпэ

Бритвин Николайрэ Къанокъуэ Арсенрэ. *Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Мэкъуауэгъуэм и 20-м Налшык щекІуэкІащ. Ипщ федеральнэ округым и щыналъэхэм щынагъуэншагъэмкІэ я органхэм я унафэщІхэм я советым и зэІущІэ. Ар нэхъыбІэу зытеухуауэ щытар У Ф-м и къэрал гъунапкъэхэр зэрахъэрэр егъэфІэкІуэнырц.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и къулыкъум и Управленэу Ростов областым щыІэм и унафэщІ, Ипщэ федеральнэ округым и щыналъэхэм щынагъуэншагъэмкІэ я унафэщІхэм я советым и тхьэмадэ **Бритвин Николай.**

ЗэІущІэм хэтахэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен.** Ар къызэхуэсахэм ехъулІэу зэІущІэр тэмэму зэфІагъэкІыну, Къэбэрдей-Балкъэрым зэрыщыІэну зэманыр фІыуэ ягъэкІуэну.

«Зэрыщыту къапщтэмэ, республикэм щыІэ щытыкІэр идкъыпсту зэпІэзэрыщ, - кІыхигъащхьэхуэдизщ республикэм и Іэтащхьэ. - ДяпэкІи ди псэукІэр зэмГъэхьэну, зэрыкъэзэрий кІыІэтыну зыми зэрыхуэзфІэмыкІыжкІуэр щэн кІыгъуэмкІэжку жыпІэ хьунущ. Лъэпкъ е дин Іуэхуэкъэ тегъэщІапІэ ящІуэр цІыхуэмрэ зыгъэжкъуэну хущІэкъуэм дазэрыпэщІэуэн закон лъабжьи зыхуэфащэн кІаруи мы зэманым республикэм щыІащ. Къэбэрдей-Балкъэрым и цІыхубзми къагурыІуащ хэт сыт и уасэми, апхуэдизу зэпІэзэрытыныгъэмрэ І!ажьыгъэмрэ нэхъыр з нэхъ лъапІэ зэрыщымыІэр».

Къанокъуэ Арсен хэхауэ тепсэлъыхьащ нужь ильэсхэм республикэм зэхъуэкІыныгъэ инхэр зэрыщекІуэкІым: «Дэ республикэм зэрызиужь псынщІагьым хэдгъэхьуэну ди мурадщ икІи абы папщІэ тхузэфІэкІ. Цыхуэхэм я псэукІэр ефІэкІуэныкІэ ар хэхауэ мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхущ. Дэ зэхэтлъхьащ республикэм 2022 гъэм нэс зэрызиужьыну стратегиемрэ 2011 гъэм нэсыкУ ар зытелэжьэну социальнэ программэмрэ. Дэ ди мурадщ республикэм и цІыхуэхэр я псэукІэкІэ къэралым и щыналъэ пэрытхэм ялъэщІэдгъэхьэжьыну, Къэбэрдей-Балкъэрым урысейпсо, дунейпсо утыкум щиІэ пщІэр нэхъри къэтІэтыну».

«Дэ едгъэкІуэкІ лэжьыгъэр япэкІэ дгъэкІуэтэфынукъым щыналъэхэм я Іэтащхьэхэм быдзу дапщІауэ з дыщымытмэ, - жиІащ Бритвин Николай. - Ди Іэщ!агъэлІхэм къэралыр зыІуэу щынагъуэхэр щаджьым наІуэ къащІащ Урысей Ипщэм щыІэ щытыкІэр зэпІэзэрытыныгъэ щэн къытуримыхьажку жыпІэ хьунущ. Лъэпкъ е дин Іуэхуэкъэ тегъэщІапІэ ящІуэр цІыхуэхэр зыгъэжкъуэну хущІэкъуэм дазэрыпэщІэуэн закон лъабжьи зыхуэфащэн кІаруи мы зэманым республикэм щыІащ. Къэбэрдей-Балкъэрым и цІыхубзми къагурыІуащ хэт сыт и уасэми, апхуэдизу зэпІэзэрытыныгъэмрэ І!ажьыгъэмрэ нэхъыр з нэхъ лъапІэ зэрыщымыІэр».

Советым и тхьамадэм зэрыкиІамкІэ, ди щынагъуэншагъэр къыззэпаудыну хущІэкъуэр сыт щыгъуи щыІащ, псом хуэмыдизу апхуэдизкІуэр зэрыхуэр ящ дыдзу зэнкъуэкъуэр къэрал гъунапкъэр: «Куэ гъунапкъэмкІэ щынагъуэншагъэм и концепцэм и купщІэ нэхъыщхьэр дигу къэдгъэкІыжынщи, къэрал гъунапкъэхэр щыщІыпэр цІыхуэхэр зэпагъэльэхуэкІыну арахьеи, Абхазэм зыпагъэщІэхуэкІыпхъэр къэралым и мамыр гъащІэр къызэпызыудыну хущІэкъуэхэр. Мурадыфі зиІэ щхьэпсори къэрал гъунапкъэхэм зэпащІэн хуейщ. ЗэрыгурыІуэгъуэщ, Урысей Ипщэм къыщымынэу, зэрыщыту къэрал псом щыІэ щытыкІэр зэІагъэхьэну хущІэкъуэр щыІэщ. Я нэхъыбжкІэ сепаратизмэр, терроризмэр, экстремизмэр ахъшэкІи идеологиекІи дэзы- Іыгъэр къэрал щыІэ къарузрий. Абы къыхэкІыу дэ гъунапкъэр тхъумэну ди кьалэнщ, апхуэдэ къарузэр къемыдзэгъын хуэдизу. «Абы и лъэныкъуэ экІэ дэ ятэкІэ лъэбакъуэ ин тчащ. Ауэ иджыри длэжьыну кУэд зэрыщыІэм и щыхьэтщ нобэ дыдзыщІэн хуей зэрыхъуари».

Бритвин Николай къыхигъэщхьэхуда: «Кавказ Ипщэм щымыІаэм ящыщ куэдым мыбы зэпиныууэ зауэ щекІуэкІыу, цІыхуэр гущтэгулэм хъыкІыщ щыпсэуэ ящ!ауэ зэрыщытыр. Абы тещІыхьауэ я кьапщтэмэ, щэн къытуримыхьэжу жыпІэ хьунущ Іэнэтіэ псомк щыІэ зэфІэмыхьэнырыгъэхэр зэтеуэвэжьи папщІэ ди республикэхэр дотацэхэм ёмылЫтауэ псэуныр къызэгъэпэщын зэрыхуейр».

Мэкъуауэгъуэм и 21-м КъБР-м и Правительствэм и Ужм хабзэ зэрыхъуам тету щекІуэкІащ Президент Къанокъуэ Арсенрэ республикэм и район, къалэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэмрэ я зэІущІэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей, абы и къуэдзэхэу Къуэзэнтыкъ Мурат, Дышэкі Мадинэ, Чеченов Ануар, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ Къэжэр Альберт сымэ, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэр.

ІУЭХУГЪУЭ пыухыкІа зыбжанэ къыщІэтэ апхуэдэ зэхуэсхэм щыхабзэщ республикэм и щІыпІэ, район щхьэхуэхэм я Іуэху зыт етым, зыхуэфІэзыхуэныкъуэхэм теухуауэ щыпІэ адміністрацэ Іэтащхьэхэр къагъэпсалъэу. Абы ипкІэ иткІэ иджыри зэІущІэм зэрыпсалъэ ираташ Шэджэм район администрацэм и Іэтащхьэ **Манбэт Михаил** Видеотеплъэгъуэхэмрэ таблицэхэмкІэ щІэгъэбыдыхьа абы и къэпсэлъэныгъэр теухуауэ щыташ Шэджэм районым и социально-экономикэ щытыкІэр къэпщытэнш.

Псори зэхэту гектар мини 150,3-рэ хьу Шэджэм щІыналъэм муниципалнэ образованэу 10 ипщ, щІыхь мин 68,8-рэ щопсэу (адыгэу - % 73,3-рэ, балъкъэру - %17,9-рэ, урысу - % 5,1-рэ, нэгъуэщІ лъэпкъыу - % 3,7-рэ). 2008 - 2010 гъэхэм зэфІагъэкІыну я мурад зыужьыныгъэ программэм ипкъ гъужащ адэкІэ Къанокъуэ Арсен.

Президентым езым и мылькуІэ гъунапкъэхьумэхэм ярит дэІэпыкъуныгъэм кьыдэкІуэу щынагъуэншагъэмкІэ зэрыщыІэм властым и Іэнатіэхэм зэрызыщІагъэкъуэфыщ теухуауэ журналистхэр кьыззэрещІам и жэуапу Президентым жиІащ: «ЩІэн хэмылъу, дэ кьыдгуроІуэ къэралым и ипщэ гъунапкъэхэр зэхуэсыным, цІыхуэхэр щынагъуэншэу псэуныр кьыззэгъэпэщыным иІэ мыхьэнэр икІи гъунапкъэхьумэ органхэм сыт и лъэныкъуэкІи дадоІэныкъу. Псори фІыгъэрыщыгъуэзэщІ, иджырей архитектурэ мардэхэм ит унэщІэхэр гъунапкъэхьумэ заставэхэм дэ щІэгъэхуэбжьаныгъэ щыдоухуэ. Апхуэдэу зэпымыуэу дыкІэлъоупІ гъунапкъэхьумэхэр зыхуей зэрыхуэхэм, республикэм и властхэр абыхэм зэрапщІам икІи зэрызыщІагъакъуэм. Республикэм и мамыр псэукІэр куэдкІэ зэпыІэта я Іэнатіэм Іутхэр зыхуей хуэзэным икІи я кьулыкъум екъулІэным дэ дяпэкІи дн нэІэ тедгъэтынущ».

ЗэІущІэм кьыщыхагъэщхьэхуэкІащ Куржымрэ Азербайджанымрэ егъэщІылІа къэрал гъунапкъэр зыхуей псомкІи кьыззэгъэпэщыным, абы контрабандистхэмрэ хабзэр кьыззэпызыуд нэгъуэщІ цІыхуэхэмрэ зэпрымыкІыным ди щІыналъэхэм я къэрал властым и органхэри, гъунапкъэхьумэ Іуэхущ!апІэхэри, Ипщэ федеральнэ округым щынагъуэншагъэмкІэ и щІыналъэ органхэри зэщІыгъуу елэжьыын зэрыхуейр. А лэжьыгъэр хъарзынэу кьыззэрыІэгъэпэщ.и и щІыхьэтщ 2007 гъэмрэ 2008 гъэм и яп кварталымрэ кьриубыдэу контрабандистхэм я зекІуэнІэ лъагъуэу 29-рэ, наркотикхэр зэрагъэІэтхъуэ лъагъуэу 18, цІыхуэхэр хабзэм къемызэгъуэу гъунапкъэм зэрызэпрыкІ лъагъуэу 21-рэ кьыззэрыщІагъащІэр. ЩынагъуэншагъэмкІэ органхэм я гъунапкъэхэмрэ Іуэхущ!апІэхэм я зэхъэзырри, згуловнэ Іуэхуэу 62-рэ кьыззэІуахащ, щІыхь 46-рэ уголовнэ жэуапым ирашэлащ. Гъунапкъэм кьыщатхьэкІуэщ хабзэм кьемызэгъыу яІыгъа Іэщэ зэмылІэужьыгъуэу 45-рэ, щэуэ 6000-м щІигъу, наркотик зэмылІэужьыгъуэу килограммиу 100, кьагъащІэ пкъыгъуэу килограмми 5,7-рэ.

ЗэІущІэм зыщыхьэпІа Іуэхуэхэм ятеухуауэ унафэ пыухыкІахэр кьащтащ.

МЕЧИЕВ Асхьэт.

• Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Шэджэмдэсхэм хэкІыпІэ щхьэхуэхэр къалъыхъуэ

ИТУ зэрылажьэм и гугъу щищІым, Мамбэтыр къытеувыІащ мэкъумэш Іэнатіэр, Іэщ гъэхъуныр, уэхуныгъэхэр егъэкІуэкІыныр кьаззэрехьулІэм, социальнэ лутхэзфІэ хэхэр, узышащагъэ хьумэм, егъэджэнигъэм, щэнхабзэм епхауэ зэфІэхахэм. КъайхьулІаэхэм, кьызэІуаха Іэнатіэщ!эхэм, ябзыкъ нэгъуэщІ хэкІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я фІыгъэкІэ, районым къакІуэ дотацэр процент 9-м нэблагъэкІэ ягъэмэщІэфыну ахэр щогугъ.

- ПщІэ зыхуэтщІ Президент! - жиІащ Мамбэт Михаил адэкІэ. - Социальнэ мылхьэнэ зиІэ Іуэхуэхэр иригъэфІэтхыну уэ кьыбгГъэдэкІыну кьытлъэІэса мылькумкІэ псыхъуапІэ гуэну 7 едгъэщІащ, псы, хуабэ, электрокъару зрикІуэу жьы хъуа зэпыщІэныгъэхэр кьэдгъэщІэрэщІэжащ.

Апхуэдизу Мамбэтыр къытеувыІащ Правительствэм и дэІэпыкъуэгъуншэу яхуэзфІэмыкІыну Іуэху кьыинхэм.

Мамбэт Михаил жиІэнур зэфІэкІа нужь, Правительствэм хэтхэмрэ къаІэта Іуэхуэгъуэхэр зэгъэщІыгІа министрэхэмрэ тепсэлъыхьащ зи гугъу ящІащэм мэмэ зегьэужьыным и лъэныкъуэкІэ иІэ фІыщІэм папщІэ» Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и щІыхь дамыгъэр къратын папщІэ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Бечелов Ильяс, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьудзэр Федченкэ Людмилэ, КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІхэм ящыщ зы Сэхъу Владимир, КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ ахуэ-кІуэ Къанокъуэ Аслан, Къэбэрдей-Балкъэр Іэнатіэм и инженер нэхъыщхьэ Хьэпащ!э Аслан, лъэнбэч сымэ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІи и орган нэхъыщхьэм и Щ!ыхь тхыльыр иратыну.

Абазэ Руслан депутатхэм ахуи!уэтэжащ иджыблагъэ лэжьыгъэ ІуэхуэкІэ ежьауэ кьызэрытам кьрикІуэхэр.

Зи чэзу Іуэхуэгъуэхэр зэІущІэм и кІэухым щызэпкърах щхьэпэхэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ и кьудзэр **Джэш Фатімэ** кьиІэтащ «Лажьэншэу ягъэкІуэдахэм я феплъ тхьылъыр» кьыдэгъэкІыныжкІэ лэжьыгъэхэр.

ДЖЫЛАХЪСТЭН Нурацэ.

• Тэрч куей

Нэхъыжьхэм я жэрдэмкІэ

Джылахъстэнэм и Новэ-Хьэмидей къуажэдэсхэм я лъэІукІэ, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр кьыщрашэкІащ республикэм и щІыпІэ нэхъ дахэхэм: Гуэл щхьэцантІэм, Аушыджэр и псы хущхьэу хуабэхэм, Налшык и зыгъэпсэхупІэ щІыщІэхэм.

ЗАУЭМ хэта, зауэлІхэр зыхуеину псомкІи кьыззэрагъэпэщу къуажэм щылэжьаэм ящыщ нэхъыжькъуфІхэр кьуажэ упащІэхэм гулытэншэ ящІыкъым. Иужьрей ильэситІым кьриубыдэу ветеранхэм я лъэІу тхыгъэу 40-м нэблагъэм хэпльэри, яхуэзфІэкІымкІэ зыщІаГъэжьауэ. Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэри кьаІэныщІэу щыс кьым. Ы Іуэхущхэ кьуажэм щрагъэкІуэкІыкъым ахэр хэмыту. Ветеранхэм я советым иІэщ щІэх-щІэхэыурэ кьуажэдэсхэм я пащхьэ щигъэлъагъуэ «Ветеран» стенгазетыр. Абы щызэхуахьэсащ дзэ кьулыкъур щІыхь пыІуэ кьеэхьэлІэ щІалэхэм я сурэтхэр, абыхэм ятеухуа тхыгъэхэр. Ди псом хуэмыдэжу Новэ-Хьэмидей къуажэмкІэ мыхьэнэ ин иІэщ ветеранхэм я советым къуажэдэс щагъэкІуэлІ ядэлэжьэныкІэ иджыблагъэ кьыхьлъхьа Іуэху щхьэпэхэм: дзэм ираджэ щІалэгъуэлъм къуажэ администрацэмрэ ветеранхэм я советымрэ зэкъуэту гуфІэгъуэ дауэдащІэхэр кьыхуэзгъэпэщнущ, кьуажэм дэкІа щІалэхэм я Іуэху зытетыр зрагъэщІэнущ. Зыщыгъэсэхуну кьэкІуэжьсэлтэхэр советым кьрагъэблэгъэнуэр, ахэр зыгъэпІейтей я Іуэхум хэпльэ, здэщІэ частым зыпащІэнущ.

Ветеранхэм щэч кьытрахьэрэ кьым республикэм и адрей жьыгаГъуэхэм дзэм кьулыкъу щыІэщІэ я щІалэгъуэхэм щыкІэкІэ я нэІэ трагъэтэмэ, мы зэманым кьэхъу Іуэху мыщхьэпэхэр куэдкІэ нэхъ мащІэ зэрыхьунум.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

• Шэджэм куей

Іэщ лъэпкъыфІхэр

Шэджэм районым и мэкъумэщ предприятэхэмрэ унэй хозяйствэхэмрэ я Іэщ щхьэбжьыгъэм гъэ кІуэм еплъытауэ хуэдитІкІэ хэхуащ. Мы гъэм дыззэрытехьэрэ яІэм кьыхащхьэхуну хуэзащІ Іэщыщхуэу 1500-м нэблагъэ. Абыкіэ къэралыр дэІэпыкъуэгъэхущхуэ кьаухуэжащ.

МЭКЪУМЭШ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм псоми зэхэту кредит щыкІуэу кьыІаха ди мелуани 124-р зейр унейхозяйствэхэр. Шэрэдж куейм и хозяйствэ хэм Іыуэ тонн 900-м нэс кьрахьэлІащ, щэуэ тонн 7000 ящэфащ. Псом хуэмыдэу я Іуэхуэр ІофІакІэу «Щхьэлыкъуэмэкъумэщ предприятэмрэ «Агро-Мост» зэкъуэмэщ-производственнэ кооперативымрэ. «Щхьэлыкъуэ» КСП-м кредиту кьыІиха сом мелуан 60-м щыщу 10-р Іэщхэр зыщІэтіну псэуальэхэмрэ Іуэхэмрэ зэгъэпэщыжьынымк тригъэкІуэдэнущ. А лэжьыгъэкІэ зы махуи кьыззэтемыуВыІэу иокІужкІ.

Ильэс кІуам и кІэм предприятэм танэу 200-м нэблагъэ кьищхьащ. «Агро-Мост» СПК-м медпуаник я къэралым щыхьэуэ кьыІихри, Іэщышхьэу 130-рэ зэригъэпэщащ. Лъэ быдзкІэ ухэ юзэйствэхэм я мурадщ нобэ яІэм ящ!ауэ Іэщ пъэпкъыфІхэр кьыхащхьэхуну.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

• Дыгъуасэ

Къэжэр Альбертрэ Тут Зауррэ СССР-м и цІыхубэ артист Кобзон Иосифрэ къырагъэблагъэ.

«Фи цІыхухэм сыт щыгъуи сыдахьэх!»

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Къэжэр Альберт**, КъБР-м щэнхабзэмрэ къэбарымрэ щІэнатІэхэмкІэ и министр **Тут Заур**, къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министр КъБР-м щыІэ **Томчак Юрий** сымэ «Налшык» аэропортым кьыщагъэблагъащ СССР-м и цІыхубэ артист **Кобзон Иосифрэ** УФ-м и МВД-м и къэрал кІуэцІыдзэхэм уэрэдымрэ кьафэмкІэ и академическэ ансамблым и унафэщІ **Елисеев Викторрэ.**

Артист цІэрыІуэм республикэ журналистхэм пресс-конференц кІащІ ядригъэкІуэкІащ.

«Гъэхэм зыгуэрхэри адэкІэ къыщынэ, зыгуэрхэри кьыздахь. Си гукъыдэжьыр хуэгъэпсащ уэрэд жьІэным, утыкум кьиухьэным, фы сывэпсэлъыІэным. Кьарур япрейим хуэмыдэм, мурадхэр зэрыщыгъэ кьонэж. Сэ ятэуэкьым фи щІыналъэм сы-кьызэрыкІуэр. Къэбэрдей-Балкъэрым и цІыхухэр гуапэщ, псэ кьабзэщ, макъамэр зыхэзыщІэщ. Фи пІахэгъу Тут Заур куэд щІауэ си ныбжьэгъущ. Зэгуэр абы, иджыри артист ныбжьыщІэу, саугъэт естауэ щытащ, нобэ ар министрщ. Пщыхьэщхьэ Театр щхьэнтІэм щызэхэтыну концертым и гуГъу щІыпІэмэ, уэлбанэм мащІэу дыкьызэІищІащ, ауэ ар зыхуэдэнур зэльытар фэращ, абы къэкІуэлІэхэрщ. ЦІыхухэм зыздаІыстащ, си гуГъэ кьыдэжьым кьэхъэри зэрыщІэрэ. «Псэ ІэпІэ» республикэ программэм хэхам и Іуэхуэ ІкІэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» (яп кьеджэгъэну); «2007-2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и унагъащІэхэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщыныр» республикэ программэ хэхам зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Псоми кьагъэсэбэп автомобиль транспортым, кьалэ щІыбым щызекІуэ гъущІ гуэгу, электрическэ пассажир транспортым и Іуэхуэкі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» (зэуэ кьеджэгъуиГІу) КъБР-м и законхэм я проектхэм.

Парламентым и зэІущІэм щыхэплъэнущ 2008 гъэм и яп кварталым Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зэрагъэзэщІам теухуауэ КъБР-м и Правительствэм ищІыну отчетым.

Правительствэм хухах сыхьэтым хиубыдэу парламентархэр тепсэлъыхьынущ лэжьыгъэр хъумэнымкІэ законодательствэр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и щІыналъэм зэрыщагъэзащІэм.

Апхуэдэу зэІущІэм кьыщаІэтынущ республикэм и Парламентымрэ лэжьыгъэмрэ пыщІа нэгъуэщІ Іуэхуэхэр.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ!апІэ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм ящІэн папщІэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІи органым и зи чэзу зэІущІэр 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м Парламентым и Унэм щекІуэкІынущ. Абы щытепсэлъыхьыныр ягъэхъэзыращ Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 25-м щІигъу.

ДЕПУТАТХЭР хэпльэнущ «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Конституцэм хальхьэ зэхъуэжьІныгъэхэм я Іуэхуэ ІкІэ», «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Іуэхуэ ІкІэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» (щащІ ящІ кьеджэгъуэгу); «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Іуэхуэ ІкІэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Административнэ къуажагъэхэмкІэ и кодексым зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» (щІэгъэкІуэнущ); «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я щІыпІэ, егъэфІэкІуэным теухуауэ» (щІэгъэкІуэнущ); «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм щыгъуэщІ щІыпІэ щІэнтІэ ящІ Лъэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлим.**

Парламентым и лэжьыгъэр кьызэгъэпэщынымкІэ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьыпсэлъам едаІуэри, Президиумым хэтхэм щыгъуазэ ищІащ Лъэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ и кьудзэр **Жанатаев Сэлим.**

Парламентым и лэжьыгъэр кьызэгъэпэщынымкІэ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьыпсэлъам едаІуэри, Президиумым хэтхэм щыгъуазэ ищІащ Лъэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ и кьудзэр **Джэш Фатімэ** кьиІэтащ «Лажьэншэу ягъэкІуэдахэм я феплъ тхьылъыр» кьыдэгъэкІыныжкІэ лэжьыгъэхэр.

БАТЫР Любэ ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ!апІэм и лэжьакІуэ.

(КІэухыр. Пэщ!эдзэр 1-нэ нап.)

Бизнес-инкубатору тІу щІэуэ къызэІуах

Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ **Малкаров ТІэхьпэ**«Производствэмрэ унагъуэхэмрэ я кІэрыфІэкІэ»Производствэмрэ дэщІыгъуэныгъэхэмрэ дэщІыгъэныгъэхэмрэ хэлъхьэным и Іуэхуэ ІкІэ» КъБР-м и законхэм я проектхэр кьыхалъхьащ. Иужьрей документыр теухуащ бизнес-инкубаторхэр Прохладнэ кьалэ округымрэ Бахъсэн муниципальнэ районымрэ кьыщызэрагъэпэщыну зэрамурадым. Абы кьыдэкІуэу, закон лъабжьэ егъуэт хьэрычэт Іуэху мыинымрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ финанс дэІэпыкъуныгъэхэр зэрырат щыІэм. Апхуэдизкъуэ экІэтросетхэм зэрыпащІам щІат уасэм кІэрыгъэхуным.

Республикэм и законхэр федеральнэ законодательствэм егъэзэгъыжьным ІуэхуэнэтІащ. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и языныкъуэ закон актхэм зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэ ІкІэ» КъБР-м и законым и проектыр. Ар депутатхэм я пащхьэм кьрилъхьащ Аграрнэ политикэмрэ щІыналъэпсыр кьэпсэгъэпІыкІкІэ комитетым и унафэщІм и Іуэхуэ ІкІэ.

Ар кьыдэзыгъэкІ Іуэхуэ ІкІэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым и Конституцэм хальхьэ зэхъуэжьІныгъэхэм я Іуэхуэ ІкІэ», «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Іуэхуэ ІкІэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» (щащІ ящІ кьеджэгъуэгу); «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Іуэхуэ ІкІэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Административнэ къуажагъэхэмкІэ и кодексым зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» (щащІ ящІ кьеджэгъуэгу); «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм щыгъуэщІ щІыпІэ щІэнтІэ ящІ Лъэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ и кьудзэр **Сэхъу Владимир**депутатхэр щыгъуазэ ищІащ зэпымыуу кьагъэсэбэп маршрутхэм тету щІыхьэмрэ хьэлъэхэмрэ зэрагъэІэпхьэным пыщІа жэуапльнымрэ кьэпсэгъэпІыкІкІэ комитетым и унафэщІм и Іуэхуэ ІкІэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и законым и проектыр. Ар депутатхэм я пащхьэм кьрилъхьащ Аграрнэ политикэмрэ щІыналъэпсыр кьэпсэгъэпІыкІкІэ комитетым и унафэщІм и Іуэхуэ ІкІэ.

Ар кьыдэзыгъэкІ Іуэхуэ ІкІэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым и Конституцэм хальхьэ зэхъуэжьІныгъэхэм я Іуэхуэ ІкІэ», «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Іуэхуэ ІкІэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» (яп кьеджэгъэну); «2007-2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и унагъащІэхэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщыныр» республикэ программэ хэхам зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Псоми кьагъэсэбэп автомобиль транспортым, кьалэ щІыбым щызекІуэ гъущІ гуэгу, электрическэ пассажир транспортым и Іуэхуэ ІкІэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» (зэуэ кьеджэгъуиГІу) КъБР-м и законхэм я проектхэм.

Парламентым и зэІущІэм щыхэплъэнущ 2008 гъэм и яп кварталым Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зэрагъэзэщІам теухуауэ КъБР-м и Правительствэм ищІыну отчетым.

Правительствэм хухах сыхьэтым хиубыдэу парламентархэр тепсэлъыхьынущ лэжьыгъэр хъумэнымкІэ законодательствэр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и щІыналъэм зэрыщагъэзащІэм.

Апхуэдэу зэІущІэм кьыщаІэтынущ республикэм и Парламентымрэ лэжьыгъэмрэ пыщІа нэгъуэщІ Іуэхуэхэр.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэти10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ!апІэ.

(Кlэлыкlуэр. Пэщlэдзэр №№ 115-117, 119-хэм итщ).

Санэ и пlэм ижьыхьащ, иужькlэ зыхэтриуфыщдэжри унэмкlэ иунэтlащ. Лэгъунэм ЗэрыщIыхьэу Iуэхуэм пlэм зиридзэри, и щхьэр щхьэнтэ щlагъым щIиIуащ.

Зыми хуэмыдэжу хьэщlэм щыгуфыкlар Кlуаншщ. Абы и гуфIэгъуэр игъэпщкIун хуейуэ и кlалэныр кьиупльтэжьртэкъым. Кlаньболэтрэ Нэлжанри хьэщlэм щыгуфыкlахэт, ау э апхуэдэ дыдэуи ар кьиузэрыкIуэм игъэпейтея хэт. Пасэуэт иджыри кlаныр атэлыкьым къыкlэлъыкlуэну - зэрыдзэбгъэдэкlыжрэ махуэ щхьэкlэ хьауэ Iэрэбгъуэ дейт. Ауэ сытми кьиузэрыуэ Iуэхуэкъым ар кьыщlэкlуэр...

Кьубатий кьызытекIухьа Iуэхуэр куэдрэ и бзыщlакъым...

Жэщ хьуэу цlыхухьхуэм Iэщэ-фащэр ягъэкъабзэу, щlалыкьыкIу, зэпальэщlыхьу, зекIуэм зыщыкуеину Iуэхуэр ар гуэру кьапщытэжу зэхэтащ. Кьупщхьэм кьыхэщlыкIа пхъынтэщlыкIур шыгъульэщ, абы хуащIа фэ хьуржьыным дыд, жьакIэупс, дагъальэ, щтаучI ильщ. Кlаньклэм фочыльэ кlэрыщlащ, щабгъэ зэрыхэм, зэрыхабзэ у, щабзэщэ щэщl-щэщl ярыльщ. Лъахьэхэр къащIугъупщакъым, кlащIугъупщакъым уанэм кlэрапхэ джыдэ щIыкIухэр, хуей кьуиэ, зIугъэ зэрапхэну щащIхурт...

Щlыхубзхэми ящIэн ягъуэтырт: лы гъэгъуа кьагъэхьэзырырт (ар фIыуэ хуэтхьэупль щIыкIэу тегъэжьыкIын хуейт), кlэп щIыкIуэм гъуэмылэрэ хьэжьуртрэ иралъхьэрт, пlастэ япщэфIырт, кхьуей ягъэгъурт.

Санэ гъэгуэныр кьищтауэ псыхьэ щIыкIуэм зригъэхьэлIэри, Кlубатий, зыми зыкьримыгъэлъагъуэу пщIантIэр зэпиущIащ, псымкlэ дыхьэри, кьуэгъэнапIэм кьуэжьа абрэджу, хьыджэбзым и пащхьэм кьихутащ.

- УмышIнэ, ар сэращ!

- СышIэхэзэркъым.

- Сэр щхьэкlэ ушынэркъэ? Дэ дыздэжьуэр фIыуэ уощIэ.

- СощIэ.

- Ауэ аракъым сэ сызышIэупльар.

- ЗыкIи укъыхэзымыупщIамэ нэхъыфIт.

- Сыт щхьэкlэ?

- Уи адэм еупщI!..

- Кьыгурыуащ. Дауи, сеупщIынщ. Хьарзынэщ, псори фIыуэ, тэмэму щыгъэIэкIым деж. Ауэ мыр хьэкъыу зыпхъагъкlи, абы сыт хуэдэу унафэ и имышIми, сэ сызэрыхуейуэ сщIынщ.

- АтIэ си жэуапыр зыхуэдэм ухуейкъэ?

- Уэ езыращ ж эуап кьызэзытын зымыдар. Иджы...,

- Иджыпстукъым, кьэбгъэзэжа нэуэжщ.

- Сэ Iэмал имыIэу кьэзгъэззэжьнщ. Жуей кьазгъэзэзэжьнщ?

Санэ дыхьэшхащ:

- Сэ угурысэ напэнщ гуэру, хьэмэрэ с гурибийэ щхьэ кьыщIыхьуэр, зауэм уэхэIуэдэну сфIэфIын хуэдэу!

Кьубатий дыхьэшхащ, ауэ абы и дыхьэшхыр дыхьэтIт.

- Сэ зэхэсхыну сызыпэплъар а псалъэхэр армырами, абыхэм папщIэ Алыхьым и нэфI кьыщIыкуэ?

- Алыхьым удэмыджэгу! Гуэныкъ кьэпхьыщI.

- Санэ, кьызэдаIуэт...

- Хьэуэ, Кlубатий, уэ цlыхухьуэм уахыхьэжьын хуейщ. КIуэ. Сэри псы кьизгъэхьуэнщи...

- Кьэзгъэззэжмэ сыт кьызжепIэнур?

- Плъэгъуа ар зэрыбгъаджэ! Кьэбгъэззэжа нэужь кьэпщIэнщ! Уэ иджыри уи адэм кьуищыкlIэну зауэм уэхэтыну кьыппэщылъщ. Ар тэтэр зауэм нэхъыр нэхъ гуащIэуэу кьыщIэкIынщ.

- СыкъикIуэтынкъым, - ерыщу, и дзэ ар зэтрикIу зэу жиащ Кlубатий.

